Yàlla du nangu jullig kenn ci yéen bu dee daa tojle ba keroog muy jàpp

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «Yàlla du nangu jullig kenn ci yéen bu dee daa tojle ba keroog muy jàpp».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne bokk na ci sàrti wérug julli: laab, kon ku bëgg a julli day war ci moom mu jàpp ndeen dafa def luy yàq njàpp; niki dem duus walla saw walla nelaw mbaa leneen.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3534